

# Supplemental Security Income (SSI)

Edisyon 2008



## Entèpretasyon Pwen Enpòtan SSI: Plan pou Vin Endepandan



### Kisa yon Plan Pou Vin Endepandan (PASS) ye?

Yon PASS se yon zouti yon moun ki [enfim oswa avèg](#) itilize pou mete apa [revni](#) oswa [resous](#) pou reyalize yon bi travay. Pa egzanp, yon moun ka epaye lajan pou yon pwogram edikatif oswa fòmasyon oswa pou kòmanse yon biznis.

### Kimoun ki ka gen yon plan?

Ou ka gen yon PASS si w ap resevwa benefis SSI oswa si w elijib pou sa epi ou gen [revni](#) oswa [resous](#), ki diferan de sa ki nesèsè pou depans pou viv, ki ka epaye pou peye pou atik oswa pou sèvis ki nesèsè pou reyalize bi travay ou.

### Kouman yon plan afekte benefis SSI mwen?

Lajan ou epaye dapre yon plan ki apwouve p ap konsidere nan limit resous \$2000 ou pou yon moun oswa \$3000 pou yon koup.

Nou pa konsidere [revni](#) epaye dapre yon plan ki apwouve lè nou deside ki kantite lajan SSI yon moun ap resevwa. Sa vle di yon moun ki epaye [revni](#) dapre yon plan ka resevwa yon pi gwo benefis SSI pase si li pa t gen yon plan. Yon PASS p ap ogmante benefis SSI ou si w deja ap resevwa tout kantite lajan benefis SSI ou.

Sa ka vle di tou yon moun ki ka pa elijib pou resevwa benefis SSI ka epaye [revni](#) ak [resous](#) dapre yon plan ki apwouve pou li vin elijib pou benefis SSI.

### Ki kondisyon minimòm ki genyen pou yon plan?

Yon plan dwe:

- fèt alekri epi nou dwe apwouve li;
- gen yon bi spesifik pou travay ou ka pètèt reyalize;
- di konbyen tan w ap pran pou reyalize bi a;
- di ki [revni](#) oswa [resous](#) w ap epaye epi kouman w ap depanse li;
- eksplike fason w ap konsève [revni](#) oswa [resous](#) ou epaye apa de lòt lajan ou genyen; epi
- dekri nenpòt byen ak sèvis w ap bezwen pou reyalize bi a epi tou eksplike pou kisa w ap bezwen yo.

### Kouman m ap prepare yon plan?

Nenpòt moun ka ede w ekri yon plan. Pami moun ki ka ede w fè sa, genyen konseye oswa yon manm fanmi. Nou ka ede w tou avèk yon plan oswa nou ka rekòmande w yon moun ki ka ede w ekri yon plan.

Ou ka resevwa yon kopi Fòm aplikasyon SSA-545-BK pou PASS nan biwo lokal Sekirite Sosyal oswa sou Entènèt nan wèbsayt [www.socialsecurity.gov/online/ssa-545.html](http://www.socialsecurity.gov/online/ssa-545.html).

Nou gen kontra tou avèk diferan òganizasyon pou ede benefisyè enfim ki vle travay. Pou plis enfòmasyon, ale nan wèbsayt travay Sekirite Sosyal nan: [www.socialsecurity.gov/work/ServiceProviders/providers.html](http://www.socialsecurity.gov/work/ServiceProviders/providers.html).

### Èske gen nenpòt lòt règ ki ka ede?

Lòt règ travay SSI tankou [esklizyon depans pou travay](#), [esklizyon salè pwofesyonèl elèv](#), ak [pwoteksyon pwolonje Medicaid](#) ka ede yon benefisyè SSI pandan l ap travay.